




BILTEN ENFÒMASYON TRIMESTRYÈL FRH/No 3 : PRENTAN 2012



Nap swete nou byenvini nan twazyèm nimewo biltén trimestryèl FRH la. Objektif nou se kenbe nou okouran sou kijan FRH ap poteboure nan pwosesis rebati Ayiti. Biltén sa a parèt twa fwa nan lane an e li konplete rapò anyèl FRH la ki parèt lan mwa jiyè. Nou swete resevwa reyaksyon ak kòmantè nou.

MEN SA POU NOU KENBE

- ✓ Yo te pwopoze Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn (MPCE) pou vin **nouvo Fasafas Gouvènman an nan FRH la** (p.2)
- ✓ Lafrans vin manm **ki kapab vote nan komite pilotaj FRH la** (p.2). Li te bay yon dènye kontribisyon 2.8 milyon ewo sa ki te pèmèt li rive jwenn minimò 30 milyon dola yo mande a.
- ✓ **2750 fanmi ki t ap viv nan 4 kan te tounen lan katye yo** (p.3).
- ✓ **Yo te kreye travay** bay 9000 moun konsa ladan 35% se fanm. Yo te jwenn kèk sit pou rebati 11 lekòl (p.5)
- ✓ **To dekesman pou pwojè yo rive** 28% pou yon valè 71.1 milyon de dola ameriken (p.7)



KISA KI LAN BILTEN SA A

| | |
|----------------------------|-----|
| Gouvènans FRH | p.2 |
| Fokis sou bayè yo: Kanada | p.2 |
| Fokis sou kay | p.3 |
| Fokis sou rezulta pwojè yo | p.4 |
| FRH an chif | p.5 |
| Kat aktivite FRH yo | p.6 |
| Lafanmi FRH : BID | p.7 |



Koutwazi UNOPS



GOUVÈNANS FRH

Nan dènye trimès la (Janvye – Mas 2012), Sekretarya FRH la te travay ak reprezantan ofisyèl gouvènman an pou jwenn yon nouvo fasafas ki ap gen responsabilite pou resevwa, fè evalyasyon, chwazi epi transmèt nouvèl demand finansman yo bay Fon an. Manda dènye fasafas FRH la, Komisyon Enterimè pou Rebat Ayiti (CIRH) te bout nan fen mwa oktòb 2011. Si pa gen yon fasafas ki reprezante gouvènman an, FRH pa kapab bay anyen lan lajan ki rete yo (oswa yon valè 120 milyon dola konsa) pou aktivite rekonstriksyon an.

Lan dat 30 mas 2012, uityèm braselide Komite Pilotaj la te fèt an Ayiti pou regle pwoblèm sa a. Manm yo te gade plizyè posiblite pou chwazi fasafas la. Dapre konsèy Minis Finans lan e ki se Prezidan Komite Pilotaj FRH la, André Lemercier Georges, manm yo te aksepte chwazi pou fasafas Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn (MPCE). Sa ki pral mennen lòt kalite règ sila yo pou trete demand finansman yo:

1. MPCE ap resevwa epi fè evalyasyon pwopozisyon demand finansman ki vin jwenn FRH la ;
2. Premye Minis la ap resevwa epi fè rekòmandasyon nan Konsèy Minis yo lè pou MPCE fè evalyasyon an;
3. Konsèy Minis yo ap deside sou ki demand pou prezante devan FRH pou jwenn finansman;
4. MPCE ap voye desizyon Konsèy la bay FRH.

Yo te mande Komite Pilotaj la pou l aksepte desizyon sa a epi pou l dakò ak chanjman ki nan Manyèl doperasyon an ansanm ak Dokiman Gouvènans FRH la.

Yon lòt bò, Komite Pilotaj FRH la ap gen pou l resevwa peyi Lafrans kòm nouvo manm votan. Ak dènye kontribisyon 2.8 milyon ewo, Lafrans te bay Fon an plis pase 30 milyon dola.

Lan dat 31 mas 2012, FRH te resevwa kontribisyon pou yon valè 396 milyon dola ladan 274 milyon al pou finanse 17 aktivite rekonstriksyon Gouvènman peyi D'Ayiti te fè CIRH mande pou li. Detay sou finansman ak aktivite FRH yo ou kapab jwenn yo sou sit wèb: www.fondsdereconstructiondhaiti.org.



FOKIS SOU BAYÈ YO : KANADA



Kanada se twazyèm donatè ki pote pi plis lajan nan FRH ak kontribisyon pou yon valè total 45 milyon dola. Premye kontribisyon an pou yon valè 30 milyon dola te bay san preferans. Pou dezyèm kontribisyon 15 milyon dola a, Kanada te di li pito yo al pou lagrikilti ak ledikasyon, epitou tankou apui bidjetè pou Gouvènman peyi D'Ayiti. Komite Pilotaj FRH la te bay resous yo jan Kanada te mande la.

Globalman, Kanada lan setyèm ran pami donatè pou rebati Ayiti yo, paske li pwomèt 290 milyon dola pou rekonstriksyon ladan 233 milyon (oswa 91%) ki te dekese nan mwa desanm 2011. Met sou èd imanitè li te bay, Ajans Kanadyèn pou Devlòpman Entènasyonal (ACDI) konsantre l sou twa tèm priyorité an Ayiti: ogmante sekirite alimantè, asire lavni timoun ak jèn yo, epi ankouraje yon kwasans ekonomik dirab. Pou 2010-11, dekesman ACDI yo nan peyi D'Ayiti rive yon valè 253 milyon dola kanadyen.

FOKIS SOU KAY

Sektè kay se li FRH plis ede, avèk 132 milyon dola oswa 48% nan fon total yo, ki al jwenn 5 pwojè (gade tablo a). Asire ke kay yo ofri deplase tranblemandtè yo sekirite menjan tou travay pou katye lan vil yo vin pi bon, se youn nan pami priyrite gouvènman Martelly a. Men fòk nou konnen ke fason enfòmèl anpil katye ki sinistre yo ye met sou movè kalite mache ak enfraestrikti kay yo ansanm ak frajilite anpil sit, tout sa lakòz entèvansyon nan sektè kay la pi konplike. Met sou sa, pi fò moun deplase yo te lan lwaye yo pat mèt kay, sa ki mande pou gen plis kay disponib pou moun ka lwe.

| Non Pwojè a | Fon FRH (milyon dola ameriken) | Antite Patnè |
|---|-----------------------------------|--------------|
| Kore kapasite pou jere desas ki kapab rive yo | 2 | ONU |
| Pwojè pou rebati kay nan katye Pòtoprens yo | 65 | WB |
| Pwogram dapui pou rebati kay ak katye yo | 24.67 | ONU |
| Plan prevansyon tranblemandtè pou Nò peyi D'Ayiti | 9.96 | ONU |
| 16 katye/6 kan | 30 | ONU |
| | 132 | |

Rive jounen jodi a, se yon valè **12 milyon dola konsa sa vle di 9% FRH te debouse pou aktivite nan sektè kay la.** Konpleksite sektè sa a lakòz tan yo pran pou konsilte kominote yo ansanm ak pwosesis apwovizyonman, to pou debouse lajan an pi piti pase lòt sektè yo. Malgretou, pwojè kay la déjà pote rezulta tout moun ka wè sou teren an, sa vle di :

- Plis pase 2750 fanmi te resevwa yon èd pou kite kan yo epi tounen lan katye kote yo te ye anvan ;

- 1842 kay wouj te kraze;
- Lajan prete pou reparé ak rebati kay, oubyen sibvansyon pou peye loye kay ap finalize dekwa pou fasilité 2000 fanmi tounen nan kay ki ofri sekirite;
- Gen platfòm kominotè ki tabli nan katye Mòn Èkil, Mòn Laza, Nerèt ak Jalouzi nan lide pou kore zafè jwenn solisyon pou sektè kay la epi bay fanmi yo yon èd pou yo tounen nan katye yo ;
- Lokal IHSI a te reparé epi restore ;
- Yo fin bati senk sant devakyasyon nan Ti-Gwav ak Pòtoprens epi reparé nèf sant komunikasyon pou evakyasyon ;
- Yon pwogram fòmasyon sou kouman pou jere risk ak desas te fin fèt pou 200 moun.
- 30 milyon dola FRH te finanse pou demare pwojè 16/6 la, te ankouraje lòt donatè vin bay yon kontribisyon 19,9 milyon dola ankò dekwa pou aktivite pwojè a layite kò yo.



Koutwazi PNUD

FOKIS SOU REZILTA PWOJÈ YO

Pwojè FRH finanse yo te mache pi vit nan reyalizasyon yo pandan premye trimès 2012 la epi bay rezulta benefisyè yo ka wè.

15 pwojè sou 17 te reyalize. Twa ladan yo ta dwe fini nan mwa k ap vini yo, youn pwojè an preparasyon e youn pwojè ki fin dejia. Jounen jodi a men reziltaki jwenn :

Dekonb ak Resiklaj pou Rekonstriksyon an

- Yo te siyen 2,252 pèmi pou demolisyon, 1842 kay wouj kraze ;
- Popilasyon an te leve plis pase **360 000 mèt kib** dekonb **nan zòn moun pa ka randre fasil**, lan dekonm sa yo 20% te **resikle** (gade la a)



Koutwazi PNUD
Yo ap rampli mi yo ak dekonb
ki resikle

- **2 atelye pou fè adoken** te vin fonksyonèl nan fen mwa mas dekwa pou pwodui adoken yo

vin sèvi nan reyabilitasyon koridò ak espas publik kominate yo chwazi ak èd espesyalis yo.

- Yo te fè yon katalog materyo konstriksyon resikle epi transfòme avèk dekonb yo, ou kapab gade 1 sou : <http://www.calameo.com/read/0010866927d1253ff35f9>

Relans ekonomik : Fòmasyon ak Mete djòb nan katye yo ak Fon Garanti Kredi Pasyèl

- Plis pase **9000 djòb pwovizwa te kreye ladan 35% se pou fanm.**
- Kou fòmasyon pou moun ki gen ti biznis pou fè adoken
- **Èd pou 800 fanm ki lan biznis** ak yon fòmasyon pwofesyonèl nan jesyon biznis ak maketen ki fèt pou yo.
- Yo emèt plis pase 3 milyon garanti pou ede **8 245 biznis ak ti-biznis**, sa ki garanti 10,6 milyon dola lanjan prete.

Jesyon risk ak desas: bese frajilite popilasyon an lè gen katastwòf natirèl nan depatman sid la epi kore kapasite Gouvènman an

- 430 mèt lineyè kannal drenaj konstwi, 30 kilomèt netwaye
- 1320 mèt lineyè mi an gabyon te fini, sa ki bese enpak sezón siklòn 2011 yo



Koutwazi PNUD : mi ki fèt an gabyon

- Plis pase 200

ekta zòn plante ak pye bwa

- Envantè nasyonal DPC te fè sou lokal yo rele sant devakyasyon yo te mizajou (yo te vizite epi fè evalyason plis pase 600 lokal);


Prevansyon Risk sekous nan tout Nò peyi a

- Se Minis Enteryè, Kolektivite Territoryal ak Defans Nasyonal la, M. Thierry Mayard Paul ansanm ak Administratè PNUD la, Helen Clark, ki te lanse plan sa a lan dat 23 mas 2012
- Minis la te fè yon rale sou **enpòtans pwojè sa a nan pwogram gouvènman an genyen pou bese risk yo.** Minis la te swete pwojè a fèt tou lan lòt depatman yo.

Lèt ak lekòl pou elèv yo


- Premye travay nan pwojè sa a te kòmanse pou dekwa pou pwodiksyon ak trètmant lèt la rive bay 3000 timoun lèt pandan lane lekòl la.
- Yo te jwenn sit pou bati 11 lekòl ki ap jwenn finansman FRH. Kits eskolè ak inifòm ap gen yo distribye nan kòmansman sektanm 2012.

Nan dat 31 mas 2012, **diznèf donatè pran angajman pou bay FRH 396 milyon dola**, ladan 381 milyon te deja al jwenn Fidisye a. Nan dènye trimès la yo te siyen Akò pou lòt kontribisyon ak Lafrans pou yon valè 25,4 milyon dola. Si n ap mete premye kontribisyon 6,8 milyon dola Lafrans te bay la, peyi sa a bay yon total 32,3 milyon dola sa ki fè li rive 7^{em} manm donatè nan Komite Pilotaj la. Met sou sa Fidisye a te resevwa lajan ke peyi Lafrans (25,4 milyon dola), Nòvèj (12,4 milyon dola), Lespay (7 milyon dola) ak Fenland (0,9 milyon dola) te transfere. Sa ki bay otatal **105 milyon dola** ki disponib pou finansman, ladan gen 47,5 milyon an rezèv ak 0,8 milyon rantre lajan ki an plasman. Si n ap konsidere pwomès kontribisyon yo fè pou yon valè 15 milyon de dola (10 milyon k ap soti Lespay ak 5 milyon Ozetazini), lajan total k ap disponib pou finanse pwojè yo rive 120 milyon dola.




Jan CIRH te mande I, Komite Pilotaj FRH la te bay 274.1 milyon dola sa vle di 69% lajan ki angaje pou 17 pwogram rekonstriksyon ladan gen depans administrasyon pou Antite Patnè yo. Poutèt pat gen yon fasafas pou gouvènman an nan FRH depi fen manda CIRH nan mwa oktòb 2011, okenn alokasyon an plis pat fèt nan dènye trimès la. An plis alokasyon pou pwojè yo, Komite Pilotaj la te apwouve 2,8 milyon dola pou kouvri depans Sekretarya FRH la ak Fidisye a pou de lane. Sa ki reprezante 0.7% fon total FRH yo.

Nan **274,1 milyon dola** pou finanse pwojè, **95%** sa vle di **259.08 milyon dola** te deja al jwenn Antite Patnè ki konsene a. Nasyonzini jwe wòl Antite Patnè pou 10 pwojè sou 17 yo te apwouve, sa ki reprezante 47% nan total lajan ki bay pou pwojè yo. Bank Mondyal ap sipèvize twa pwojè ak Bank Enteramerikèn Developman kat pwojè, sa ki reprezante pou yo chak apa 38% ak 15% nan lajan ki bay pou pwojè yo. **Pi fò fon FRH yo, angwo 67% nan total fon ki bay pou pwojè yo, se antite gouvènmantal nasyonal ak lokal ki egzekite yo**, e rès fon yo se ONG lokal ak entènasyonal ki reyalize yo ansanm ak ajans Nasyonzini yo epi lòt antite.



Pou koulye a kenz pwojè ap reyalize ak yon **nivo dekesman pwojè pou yon valè 71.1 milyon dola**, sa ki reprezante **26%** nan lajan total ki apwouve pou pwojè yo. Nivo dekesman pwojè yo rive 28% pandan twa dènye mwa yo. Ogmantasyon dekesman sa a ki fèt pazapa san rete se prèv ke egzekisyon pwojè yo demare pou toutbon.





Kontribisyon donatè yo fè bay FRH reprezante 17% nan total lajan ki debouse pou rebati Ayiti lan fen desanm 2011¹.

¹ Dapre enfòmasyon biwo Anvwaye Espesyal an Ayiti a te bay nan rapò Jeneral sou Pwen ki pi Enpòtan nan Finansman - Desanm 2011

KAT AKTIVITE FRH



AYITI: Kote Fon rekonstriksyon an rive bay sèvis nan peyi d Ayiti (màj dat 29 mas 2012)



- 16 kalye/c kan**
 - Rebalise/ledikasyon an
 - Demolisyón pís ramassaj dékomm ak giovo anjen lou
 - Plan prevansyon trahlemente pou gran Nò peyi d Ayiti
 - Program k ap kore rebatik kay ak komindè yo
 - Program devlopman dirab nan Sid/Lwès peyi d Ayiti
 - Pwojè jeyyon ris ak dezas
 - Bay Jarét nan jeyyon ris ak dezas
 - Rediksyon dezas natirèl nan depalman Sid

Zon kote patiné FRH yo ye



Dat aktualizasyon: 29 mas 2012 Referans: HT0013_FRH_AO_29032012

Sous: Fon rekonstriksyon d Ayiti.

Pou plus d'informasyon: <http://haiti-humanitarianresponse.info> www.reliefweb.int

L'amt, non ak tif te fizice souk, kat, pèsonalifik sa, a pa ve di nasyon Zim/ refonat oswa anspite yo pou difiyel.

Bank Entèramerikèn Devlòpman (BID) se youn nan antite patnè FRH. Rive jounen jodi a, 15% nan tout sibvansyon FRH te apwouve yo pase nan men BID pou rive ede twa gwo pwogram: yon Fon garanti kredi pasyèl, aksyon pou bese katastwòf natirèl nan depatman sid, epitou Rekonstriksyon sektè ledikasyon (2 pwojè).

Repons BID bay pou rebati Ayiti apre tranblemandtè a ansanm ak repons pou devlopman sou yon tan ki long, se yon Depatman Peyi D'Ayiti ak yon Biwo de peyi an Ayiti ki ap fè kodinasyon an. Depatman Peyi D'Ayiti ak responsab jere 200 milyon dola sibvansyon chak lane ki pral disponb pandan peryòd ki ap bout nan lane 2020. Yon ekip 55 moun ki chita an Ayiti gen ladan espesyalis sou sektè yo, analis operasyon ak pèsònèl administratif ansanm ak yon gwoup sis moun pou jere lajan ak bagay pou achte.

Estrateji peyi BID la (2011-15) gen kòm priyorite sektè sila yo : ledikasyon, devlòpman sektè prive a, lenèji, transpò, lagrikilti, dlo ak asenisman. Estrateji a gen ladann tou yon fokis reyjonal sou reyon nò peyi a epi bati yon pak endistryèl nan Karakòl pou dekonsantre aktivite ekonomik epitou kreye djòb.

Biwo peyi a ap resevwa èd yon ekip nèf moun ki chita nan Washington DC sa ki ap fè pwojè yo reyalize pi byen pase lane avan yo avèk dekesman rekò pou yon valè 225 milyon dola nan lanen 2011.



José Agustín Aguerre se direktè depatman Ayiti Peyi, ki te kreye pou fè kodinasyon repons BID bay tranblemandtè 12 Janvye 2010 la. M. Aguerre se yon sitwayen peyi Irigwe ki rejwenn BID nan lane 2003 kòm espesyalis transpò ak enfraestrikti, avèk yon fokis sou Lamerik Santral, Republik Dominikèn ak Ayiti. Li te travay nan sektè prive ak publik nan peyi kote li fèt la, kote li te prezidan Administrasyon nasyonal pò yo, sou-sekretè deta nan Ministè Transpò ak Travo publik, direktè Ajans nasyonal wout epitou prezidan Enstiti Transpò ak planifikasyon enfraestrikti. Misye Aguerre pran yon diplòm enjenyè sivil nan Inivèsite Republik Irigwe ak yon metriz nan Syans Jesyon konstriksyon, avèk lonè Inivèsite Reading nan peyi Langletè.

Eduardo Marques Almeida te reprezantan BID an Ayiti depi Desanm 2009. Li te travay nan BID an Ayiti kòm espesyalis sektè prive nan lane 2008 ak 2009. Avan li vin lan BID, M. Almeida te travay pandan 22 lane kòm kad siperyè oubyen konsultan nan enstitisyon sila yo: McKinsey & Company, Development Alternatives, Inc, TechnoServe, Inc, DiamondCluster, Promon, ak Det Norske Veritas. M. Almeida gen yon MPA li pran nan Harvard Kennedy School, yon MBA nan men COPPEAD, Inivèsite federal Riyo de Janeiro, nan peyi Brezil, ak yon metriz nan Syans, Jeni sivil, ki sòti COPPE, Inivèsite federal Riyo de Janeiro, nan peyi Brezil,



TI KOZE SOU FRH

FRH se yon patenarya ant kominote entènasyonal la ak Gouvènman aysyen an pou finanse rekonstriksyon an apre tranblemandtè a.

FRH mobilize, kodone epi bay kontribisyon bayè bilateral ak lòt pou finanse pwojè ak pwogram ki priyorité anpil anpil, ansanm ak apui bidjetè. Men ki avantaj apwòch multi-bayè sa a pote :

- Vin gen pi plis amonizasyon lan met ansanm resous plizyè bayè pou ede priyorite Gouvènman peyi D'Ayiti an genyen pou rekonstriksyon an;
- Met aksan sou avantaj konparatif patnè lokal ak entènasyonal tout moun konnen nan aktivite yo ap mennen sou teren an;
- Bese depans tranzaksyon pou Gouvènman an ak bayè yo pase y ap travay ak yon sèl estrikti finansman;
- Evite aksyon k ap fè menm bagay la ak jefò yo mete pou fè yo ;
- Ede jwenn repons pou satisfè bezwen finansman estratejik nan pwosesis rekonstriksyon an jan Gouvènman peyi D'Ayiti defini sa.

FRH se yon gwo sous finansman non pwograme pou rekonstriksyon an.

Lan dat 31 mars 2012, diznèf bayè te pran angajman pou bay Fon an 396 milyon dola ameriken. Lajan sa a pat pwograme e yo kapab sèvi avè l lan yon sans oubyen yon lòt pou reponn a bezwen estratejik pou rekonstriksyon an gouvènman an genyen. 17% nan tout fon ki dekese pou rebati Ayiti pase pa FRH.

Se Gouvènman peyi D'Ayiti ki ala tèt FRH e se li fikse priyorite pou li.

Se Minis Finans lan ki prezide Komite Pilotaj FRH la. Tout aktivite rekonstriksyon FRH ap finanse yo dwe prezante devan antite Gouvènman Aysien an chwazi kòm Fasafas FRH, e yo dwe jwenn apwobasyon l.

Se FRH ki ofri pi gwo finansman pou sektè priyorité rekonstriksyon Ayiti an tankou kay, leve dekonb epi jesyon risk dezas yo.

FRH se yon mekanism efikaz san anpil lajan ki la pou finansman rekonstriksyon an.

Se sèlman 3% mwayen ki anganje yo ki sèvi pou kouvri depans administratif Sekretarya FRH la, Fidisye a ak Antite Patnè yo. FRH kapab bay apwobasyon rapid pou finanse ti pwojè yo rive jouk 1 milyon dola ameriken nan yon semèn ak valè lajan ki pi wo nan de semèn apre yo fin resevwa demand fasafas Gouvènman an nan FRH.

FRH se yon patnè ki la pou yon tan ki long pou rebati Ayiti.

FRH ap kontinye ede pwosesis la pou rebati Ayiti rive jouk mwa desanm 2017.

SEKRETARYA FRH

Nouvèl Primati

Pòtoprens, Ayiti

Tel : (509) 3170-2116

www.Haitireconstructionfund.org

